

# Avantaj ki Ajoute sou Avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ou yo

## Avantaj Alimantè EBT pou Sezon Ete



Si ou benefisyè SNAP pou omwen yon timoun lakay ou, ou t a dwe resevwa otomatikman \$120 pou chak grenn timoun ou genyen ki gen laj pou ale lekòl pandan mwa ete yo. Avantaj alimantè sa, ki rele EBT Sezon Ete (Summer EBT, li tankou SNAP. DePatman asistans tranzitwa a (Department of Transitory Assistance, DTA) gen pou li mete EBT Sezon Ete a dirèkteman sou yon kat EBT.

## REDIKSYON SOU SÈVIS GAZ AK KOURAN ELEKTRIK



Ou ka benefisyè yon rabè sou fakti gaz ak kouran elektrik ou yo si w benefisyè yon avantaj ki baze sou revni tankou SNAP, asistans lajan kach, kèk tip MassHealth. DTA pataje enfòmasyon kliyan yo ak konpayi sèvis piblik yo ki ofri yon rediksyon sou sèvis piblik bay moun ki gen kont yo. Sa vle di si sèvis piblik yo sou non ou, epi ou jwenn yon avantaj DTA, ou t a dwe resevwa yon rediksyon sou sèvis piblik ou yo otomatikman. Si revni ou mwens pase 60% revni medyàn eta a (apeprè \$87,000 pou yon fwaye ki gen kat (4) moun) ou ka aplike tou pou yon rediksyon sou sèvis piblik, menm si ou pa p benefisyè yon avantaj ki baze sou revni.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [Mass.gov/how-to/apply-for-home-heating-and-energy-assistance](https://www.mass.gov/how-to/apply-for-home-heating-and-energy-assistance)

## REDIKSYON SOU FAKTI TELEFÒN



Kèk konpayi telefòn pwopoze rediksyon pou moun ki gen revni ki fèb yo atravè pwogram Lifeline nan. Si w resevwa avantaj lajan kach SNAP, DTA a, oswa lòt tip avantaj, ou ka kalifye pou yon rediksyon sou fakti telefòn ou. Kèk moun ka jwenn yon telefòn selilè gratis ak minit gratis ki limite.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [Mass.gov/service-details/lifeline-services](https://www.mass.gov/service-details/lifeline-services)

## PWOGRAM PWOMOSYON POU LASANTE (HEALTHY INCENTIVES PROGRAM, HIP)



Yon fwa yo operasyonèl, ou ka sèvi ak dola SNAP ou yo pou w achte fwi ak legim fre ki sòti nan fèm - mache fèm, mache mobil, ak estann agrikòl k ap patisipe nan HIP yo. Yon montan lajan egal pou manje -ki ale jiska limit pa mwa ou an - retounen ajoute imedyatman sou kat EBT ou an. Kantite lajan ou ka rekipere a baze sou kantite moun ki nan fwaye SNAP ou an.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [Mass.gov/HIP](https://www.mass.gov/HIP)



## FI, TIBEBE AK TIMOUN (WOMEN, INFANTS AND CHILDREN, WIC)

Si w ap benefisyè SNAP epi w ansent, w ap bay tete oswa w gen yon timoun ki poko gen 5 lane, ou ka kalifye pou avantaj nitrisyon WIC yo san okenn verifikasyon siplemantè sou revni. Ou ka aplike pou WIC tou menm si ou pa yon benefisyè SNAP.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [Mass.gov/WIC](https://www.mass.gov/WIC)



## KAT EBT POU LAKILTÌ\*

DTA ak Konsèy Kiltirèl Massachusetts (Mass Cultural Council) ofri antre ak pri ki redui oswa ki gratis nan plis pase 400 pi bon mize ak enstitisyon kiltirèl eta a. Jeneralman, w ap bezwen montre kat EBT ou an sou kontwa biyè a pou w ka jwenn yon pri antre ki redui.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [Mass.gov/EBT-card-to-culture](https://www.mass.gov/EBT-card-to-culture)



## TRAVAY AK FÒMASYON GRATIS + GADRI

Si w ap benefisyè SNAP, ou ka enskri nan travay ak fòmasyon gratis atravè pwogram travay Chimen nan Direksyon Travay (Path to Work) SNAP DTA a. Epi, si w ap patisipe nan Chimen nan Direksyon Travay SNAP la epi w gen timoun piti, ou ka jwenn yon bon gratis pou gadri.

Pou w jwenn plis enfòmasyon: [SNAPPathToWork.org](https://www.mass.gov/SNAPPathToWork.org)



## Pas Otorite Transpò Massachusetts Bay (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA) Pou Jèn\*

Jèn adilt (18 jiska 25 lane) ki gen revni ki fèb epi ki abite nan 24 kominote k ap patisipe yo ka jwenn yon Pas pou Jèn epi peye mwens lajan pou yo pran tren oswa otobis. Si ou gen 18 jiska 25 lane epi ou gen SNAP, MassHealth, oswa lòt avantaj ki baze sou revni yo, ou ka achte yon LinkPass pou \$30 pa mwa. LinkPass lan ofri ou trajè nan tren ak otobis lokal ki ilimite. Oswa, ou ka achte trajè endividyèl avèk yon rediksyon.

Pou w jwenn lis kominote k ap patisipe yo epi pou w aplike: [MBTA.com/YouthPass](https://www.mass.gov/MBTA.com/YouthPass)



## KAT SNAP POU PWOGAM TRAJÈ A (RIDE PROGRAM)\*

Bisiklèt Ble (Bluebikes) se pwogram Metwo-Boston pou pataj bisiklèt piblik la. Si w benefisyè SNAP epi w gen 16 lane oswa plis, ou ka jwenn yon abònman chak mwa pou \$5 pa mwa oswa \$50 pa ane (\$5 pa ane pou rezidan boston yo). Abònman an ofri ou trajè ilimite ki dire jiska 60 minit. Si trajè ou an pi long ou ka gen pou w peye plis.

Enskri anliy: [Bluebikes.com/pricing/income-eligible-program](https://www.mass.gov/Bluebikes.com/pricing/income-eligible-program)

SNAP se Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè a, ki te gen Koupon Alimantè (Food Stamps) kòm ansyen non.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: [Mass.gov/SNAP](https://www.mass.gov/SNAP)

\*REMAK: SNAP ka itilize sèlman pou achte manje.

Mas 2024